**Valley Stream Central High School District**
**One Kent Road**
**Valley Stream, New York 11580-3398**
www.vschsd.org

**Wayne R. Loper, Ed.D.**
Sipè-Entandan Lekòl yo Pa Enterim
Telefòn: 516-872-5601
faks: 516-872-5658

Chè Paran/Responsab Legal ak Elèv,

Byenveni nan Valley Stream Central High School District la. Etan w ap prepare w pou enskri nan distri lekòl nou an, n ap enfòme w ke ou ka jwenn enfòmasyon ki enpòtan nan sitwèb Valley Stream CHSD a. Tousenpleman klike sou www.vschsd.org pou w ka jwenn enfòmasyon sou règleman Konsèy Edikasyon an ke yo toujou mete ajou epi yo afiche l nan sitwèb la. Ou ka jwenn enfòmasyon tou sou evènman ki gen rapò ak Konsèy, Egzijans pou Gradyasyon, Atletis, Kòd Konduit Elèv la, Règleman sou Agasman Seksyèl, Lwa sou Diyite pou Tout Elèv, Kalandriye yo, Reyinyon/Minit Konsèy Edikasyon an, orè Klòch yo, Lennch Lekòl ak Meni yo, Nouvèl ak Anons ponktyèl ak anpil lòt enfòmasyon.

Mwen espere ke enfòmasyon ki gen nan sitwèb la itil. Mwen swete w anpil siksè pou ane akademik la!

Kòdyalman,

Wayne R. Loper, Ed.D.
Sipè-Entandan Lekòl yo Pa Enterim

Valley Stream Central High School District
Registration Office
One Kent Road
Valley Stream, New York 11580-3398
www.vschsd.org

Wayne R. Loper, Ed.D.
Sipè-Entandan Lekòl yo Pa Enterim

Orè Enskripsyon yo
Lendi, Madi ak Mèkredi
9AM jiska 11AM

# ENSKRIPSYON POU NOUVO ELÈV

Rezidan Valley Stream Central High School District yo ka enskri pitit yo-nan klas elemantè jiska klas 12yèm ane nan Biwo Administrasyon Distri a.

Moun ki bezwen pake enskripsyon pou Valley Stream Central High School District ak Distri lekòl elemantè 13 ak 24 kapab pase pran yo ant 8:30 AM e 3:00 PM douz mwa nan ane a nan men Resepsyonis Biwo Distri a.

## Biwo Administratif Distri a (District Administrative Offices)

One Kent Road
(Dèyè Memorial Junior High School)
Valley Stream, New York 11580

## Lekòl Nou Yo:

| **Central High School** | **Memorial Jr. High School** | **North High School** | **South High School** |
|---|---|---|---|
| 135 Fletcher Avenue<br>Valley Stream, NY 11580<br>516-561-4400 | 320 Fletcher Avenue<br>Valley Stream, NY 11580<br>516-872-7700 | 750 Herman Avenue<br>Franklin Square, NY 11010<br>516-564-5500 | 150 Jedwood Place<br>Valley Stream, NY 11581<br>516-791-0300 |

Nimewo Telefòn Biwo Enskripsyon an se 516-872-5694

Sizoka w ta bezwen sèvis konsa,
men enfòmasyon moun ki se Lyezon pou Sanzabri Distri a:
Mrs. Whitney-Rivera 516-872-5625.

Valley Stream Central High School District
Registration Office
One Kent Road
Valley Stream, New York 11580-3398
www.vschsd.org

**Wayne R. Loper, Ed.D.**
Sipè-Entandan Lekòl yo Pa Enterim

## ENSTRIKSYON POU ENSKRIPSYON NOUVO ELÈV

Byenveni! Lè paran yon timoun, moun ki gen relasyon parantal ak timoun nan, oubyen timoun nan limenm, selon sa ki apwopriye a, mande fè yon enskripsyon nan Distri a, se pou timoun nan enskri epi li fèt pou l kòmanse lekòl nan pwochen jou lekòl la, oubyen osito ke li pratik, amwenske gen yon desizyon ke yo pran ki fè konnen timoun nan pa gen dwa ale nan lekòl Distri yo.

Se Distri a ki ka deside si yon timoun gen dwa ale nan lekòl Distri yo selon dokiman ak deklarasyon ke yo soumèt bay Distri a, konfòmeman ak lwa ki aplikab la e konfòmeman ak règleman Distri a. Yo ka fè yon reyinyon ak paran timoun nan, ak moun ki gen yon relasyon parantal ak timoun nan, oswa ak timoun nan, selon sa ki apwopriye a, pou deside si timoun nan gen dwa ale nan lekòl ki nan Distri a.

Distri a rezève dwa pou l kesyone asavwa si yon timoun gen dwa ale lekòl nan Distri a nenpòt kilè. Si Distri a deside ke yon timoun pa gen dwa ale nan lekòl li yo, yap avize paran timoun nan, moun ki nan relasyon parantal ak timoun nan, oswa timoun nan, selon sa ki apwopriye a, epi yap anpeche timoun nan ale nan lekòl ki nan Distri a, amwenske li entèdi pou gen yon tèl eksklizyon.

Pi ba a, wap jwenn yon lis ki gen tout fòmilè ak tout dokiman sipò pou soumèt bay Distri a defason pou pwouve ke pitit ou kalifye pou l ale nan lekòl Distri yo. Si w pa ka bay dokiman ki make anba yo, tanpri rele nan 516-872-5694 pou pran yon randevou ak biwo enskripsyon an.

Moun kap enskri yo gen obligasyon pou yo soumèt dokiman ak/oswa enfòmasyon ki sifizan pou pwouve kote elèv la rete.

### <u>POTE DOKIMAN SUIVAN YO LÈ W PRAL FÈ ENSKRIPSYON AN:</u>

**1. DOKIMAN KI PWOUVE ELÈV LA ABITE NAN DISTRI A**

*** Pakè Enskripsyon (Fòmilè A) Fòmilè A "paj A-1 rive nan A-4". (Fè notarye Fòmilè A-4 la)***

- **SI OU POSEDE PWÒP KAY OU, soumèt****
  - Tit pwopriyete **ORIJINAL** kay la; ak
  - Etadkont pou ipotèk kay la ki **AJOU** oswa dènye bòdwo enpo lokatif ou resevwa a; ak
  - **YOUN** nan **dokiman ORIJINAL** suivan yo: Bil elektrisite/gaz, bil dlo, bil kab televizyon/satelit, bil telefòn, kontra asirans mèt kay, kontra asirans machin, oswa kat enskripsyon elektè; ak
  - **FÒMILÈ "B-1" AFIDAVIT PWOPRIYETÈ** (Fè notarye Fòmilè B-1 an)

- **SI SE LWE WAP LWE OSWA SI WAP AFÈME** yon apatman oswa yon kay, soumèt**
  - Kontra Lwaye a oswa kontra Fèm nan; ak
  - **FÒMILÈ "C" AFIDAVIT POU MOUN KI PA PWOPRIYETÈ/LOKATÈ** (Fè notarye Fòmilè C-2 a); ak
  - **DE (2)** nan dokiman **ORIJINAL** suivan yo: Bil elektrisite/gaz, bil dlo, bil kab televizyon/satelit, bil telefòn, kontra asirans machin, oswa kat enskripsyon elektè; ak
  - Mèt kay la fèt pou l ranpli **AFIDAVIT MÈT KAY (13-2 asèmante)** epi li oblije soumèt prèv pou l montre se li ki se mèt kay la tankou tit pwopriyete kay la, etadkont pou ipotèk la ki ajou oswa dènye bil enpo lokatif li resevwa a. Byenke nou egzije w pou soumèt Afidavit Mèt Kay la (B-2 asèmante), ou kapab soumèt Deklarasyon Mèt Kay la (B-2 ki pa asèmante) depreferans.

*Si w gen difikilte pou jwenn notarizasyon yo egzije a, tanpri kontakte biwo enskripsyon Distri a nan (516) 872-5694 pou asistans.

**Si w pa kapab bay dokiman nou site anwo yo, ou kapab soumèt lòt kalite dokiman ak/oswa lòt enfòmasyon ki pwouve ou abite nan Distri a ikonpri dokiman suivan yo men se pa yomenm sèlman ki genyen: Souch chèk pewòl; fòmilè deklarasyon fiskal (inkòm taks); bil sèvis piblik oswa lòt bil; dokiman abònman (tankou kat bibliyotèk) ki baze sou kote w rete a; dokiman enskripsyon pou elektè; lisans chofè ki ofisyèl, pèmi pou aprann kondui oswa idantifikasyon pou moun ki pa chofè; pyès idantifikasyon Eta a emèt oswa lòt pyès idantifikasyon gouvènman an emèt; dokiman ajans Federal, ajans Leta oswa ajans lokal (tankou ajans sèvis sosyal lokal, Biwo Federal pou Relokalizasyon Refijye [Federal Office of Refugee Resettlement]) emèt; Prèv ki montre ou gen responsabilite legal timoun nan, sa gen ladan men se pa sa yo sèlman, lòd responsabilite jidisyè oswa papye sou gad legal; yon deklarasyon yon tyès pati fè konsènan prezans fizik ou nan Distri a (ou ka mande Biwo Enskripsyon an pou li ba w Fòmilè F "Deklarasyon Tyès Pati"); oswa lòt kalite dokiman ak/oswa enfòmasyon ki pwouve prezans fizik ou nan Distri a.

## II. **ENFÒMASYON ELÈV**

- Transkripsyon **SÈTIFYE** sètifika nesans timoun nan (ikonpri yon transkripsyon sètifye pou sètifika nesans ki soti nan peyi etranje oswa dosye batèm) ki gen dat nesans la make sou li.
  - Si w pa gen yon transkripsyon sètifye pou sètifika nesans la oswa batèm nan, ou ka soumèt yon paspò (ikonpri yon paspò etranje).
  - Si paspò a pa disponib, ou ka soumèt lòt dokiman kòm prèv ki egziste depi 2 zan oswa plis (eksepte yon afidavit sou laj), ikonpri dokiman suivan yo, men se pa sa yo sèlman:
    - Lisans chofè ki ofisyèl;
    - Pyès idantite leta oswa gouvènman an emèt;
    - Kat idantite eskolè ki gen foto ak dat nesans lan sou li ;
    - Kat idantifikasyon konsila;
    - Dosye Medikal oswa Lopital;
    - Kat Idantite moun ki sou kont militè;
    - Dokiman ajans Federal, Leta oswa ajans lokal emèt (tankou ajans sèvis sosyal lokal, Biwo Federal pou Relokalizasyon Refijye [Federal Office of Refugee Resettlement]) emèt;
    - Lòd Tribinal oswa lòt dokiman tribinal emèt;
    - Dokiman tribal Natifnatal Ameriken; oswa
    - Dosye ajans èd entènasyonal ki pa travay pou pwofi ak ajans volontè emèt.
- Prèv Iminizasyon (tankou "Dosye Konsiltasyon Sante" nan dokiman sa a ki gen siyati yon doktè; oswa yon Sètifika iminizasyon ke yon doktè oswa yon moun nan yon sant sante siyen. Nou pap aksepte kat Dosye Iminizasyon Jòn yo).
- Dosye Akademik (tankou dènye kanè eskolè elèv la; fòmilè transfè ki soti nan lekòl dorijin lan; IEP).
- Prèv kouvèti asirans sante.

## III. ENFÒMASYON PARAN/RESPONSAB LEGAL

- Paran oswa moun ki nan yon relasyon parantal ak timoun nan fèt pou l prezante yon Kat **Idantifikasyon** ki gen foto sou li e ki **VALAB**.
- **SI SE PA PARAN NATIRÈL LA**, soumèt youn nan dokiman suivan yo: lòd responsabilite legal jidisyè, dokiman sou responsabilite legal la, papye adopsyon, papye plasman nan fanmi dakèy (tankou fòmilè DS-2999, lòd tribinal oswa lòt dokiman tribinal emèt oswa lòt dokiman ajans Federal, ajans Leta oswa ajans lokal emèt ki demontre relasyon parantal (tankou ajans sèvis lokal, Biwo Federal pou Relokalizasyon Refijye [Federal Office of Refugee Resettlement]).
- **SI DOKIMAN NOU SITE PI WO YO PA DISPONIB** epi/oswa si yo pa soumèt prèv relasyon parantal la (tankou soumèt sètifika nesans oswa lòd jidisyè ki demontre relasyon parantal), soumèt Fòmilè "D" Afidavit Moun ki gen gad la oswa Fòmilè "E" Afidavit Paran, selon sa ki apwopriye a.

*****Si w gen difikilte pou jwenn notarizasyon yo egzije a, tanpri kontakte biwo enskripsyon Distri a nan (516) 872-5694 pou asistans.

Note byen: Li pa nesesè pou ale ak pitit ou a lè w pral fè enskripsyon an.

# Valley Stream Central High School District

## Biwo Enskripsyon

## Pakè Enskripsyon

### KESYONÈ SOU KOTE ELÈV LA RETE

Non Lekòl la :______________________________________________________________________

Non Elèv la : ________________________________________________________________________
Siyati Prenon Dezyèm Prenon

Sèks: Seleksyone Dat Nesans: ____/___/___ Laj:________

---

Objektif kesyonè sa a se pou l adrese Lwa McKinney-Vento 42 U.S.C. 1 1435. Repons ou bay sou enfòmasyon konsènan kote elèv la rete a ede nou deside ki sèvis elèv la kalifye pou l resevwa.

Èske timoun nan pa genyen yon kote fiks, regilye e adekwa pou l rete leswa? Wi [ ] Non [ ]

Si w reponn Wi pou kesyon anwo a, tanpri kontinye ranpli fòmilè sa a. Si w reponn Non, ou mèt kanpe la.

---

Ki kote elèv la rete pou lemoman ? (Tcheke youn)

[ ] Nan yon motèl, lotèl, pak trelè, nan yon teren kanping poutèt li pa gen lòt akomodasyon pou l viv ki adekwa.

[ ] Nan yon lojman pou abri dijans oswa tranzitwa

[ ] Avèk plis ke yon fanmi nan yon kay oswa nan yon apatman poutèt yo pèdi lojman yo oswa poutèt difikilte ekonomik.

[ ] Ap demenaje tout tan.

[ ] Nan yon kote ki pa fèt pou akomode moun dòmi tankou yon machin, yon pak oswa yon teren kanping, yon bilding abandone, estasyon bis oswa tren.

---

Non Paran an (yo) / Responsab Legal la (yo) :_____________________________________________________

Dat: ______/ _____ / ____

Adrès: _________________________________________________________________________________

Telefòn Selilè: _____________________________Telefòn Kay la: __________________________________________

Mwen byen konnen ke si mwen bay nenpòt fo deklarasyon nan dokiman sa a, yo ka pran sanksyon kont mwen konfòmeman ak Lwa Penal Leta New York la epi yo ka refere ka m lan bay Biwo Avoka Distri a.

Siyati Paran/Responsab Legal : ____________________________________________ Dat : __________/_______/_____

Valley Stream Central High School District
Registration Office
One Kent Road
Valley Stream, New York 11580-3398
516-872-5694
www.vschsd.org

# PAKÈ ENSKRIPSYON
# FÒMILÈ A

**AVÈTISMAN**

Kèlkeswa moun ki fè espre bay fo enfòmasyon konsènan kote moun nan rete, moun sa a riske sibi pèn kriminèl. Si yon moun fè fo deklarasyon konsènan kote li rete oswa pou l jwenn ekolaj edikasyon gratis nan men distri a, yo ka enpoze yon pinisyon kont moun sa a antanke yon Deli Minè Klas A.

Anplis, si yo dekouvri ke pitit yon moun ki enskri abite andeyò distri a, distri a ka pran aksyon legal pou l kolekte depans ekolaj yo. Depans ekolaj sa yo ka depase $15,000 chak ane si timoun nan pa gen dwa legalman pou l resevwa yon edikasyon gratis nan distri a. Distri a rezève dwa pou l envestige kote nenpòt elèv rete atravè nenpòt mwayen legal ki disponib, ikonpri atravè mwayen sa yo, men se pa tout nou site la a, tcheke dosye piblik, fè vizit sou plas ak lòt metòd legal pou envestige.

Dat Jodiya: ________/_____/_____

Non Elèv la: ________________________________________________________________________
Siyati Prenon

Dat Nesans: ____/____/____ Laj: ______ Klas:_____ Sèks: Seleksyone

Telefòn Kay la : _____________________________________

Adrès Aktyèl : ______________________________________________________________________
Adrès Vil Eta Kòd Postal

Ansyen Adrès : ______________________________________________________________________
Adrès Vil Eta Kòd Postal

Ansyen Nimewo Telefòn : _______________________________

Lang Prensipal ou Pale nan Kay la :_______________________________

Ki relasyon w ak elèv la ? Tanpri Ansèkle Youn :

[ ] Paran Natirèl

[ ] Responsab Legal (Tribinal la Nonmen)

[ ] Paran nan Mezon Dakèy

[ ] Moun ki nan yon Relasyon Parantal

Si timoun nan se yon timoun nan mezon dakèy, bay non ajans la :

______________________________________________________________________________

______________________________________________________________________________

**<u>Eta Sivil Paran an (yo)/Responsab Legal la (yo).</u> Tanpri, tcheke repons ki aplike a.**

[  ] Marye    [  ] Divòse    [  ] Separe    [ ] Vèf/Vèv    [ ] Pa Janm Marye

**ENFÒMASYON PARAN/RESPONSAB LEGAL**

**Paran/Responsab Legal 1:** ________________________________________**Dat Nesans :** ____/____/________
Siyati    Prenon

Adrès Kay la :

Nimewo Telefòn Kay la    Nimewo Selilè:

Adrès Imèl:

Non Anplwayè:    Nimewo Telefòn Travay :

**Paran/Responsab Legal 2 :** _____________________________________ **Dat Nesans :** ____/____/_________
Siyati    Prenon

Adrès Kay la :

Nimewo Telefòn Kay la    Nimewo Selilè:

Adrès Imèl:

Non Anplwayè:    Nimewo Telefòn Travay :

**Responsab Legal/Boparan :**_____________________________________ **Dat Nesans :** ____/____/__________
Siyati    Prenon

Adrès Kay la :

Nimewo Telefòn Kay la    Nimewo Selilè:

Adrès Imèl:

Non Anplwayè:    Nimewo Telefòn Travay :

**<u>Bay non tout frè ak sè, kit yo rete kit yo pa rete nan kay la:</u>**

| NON | DAT NESANS | LEKÒL AK KLAS |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

**ENFÒMASYON ELÈV**

Ansyen Lekòl Kote Li te Konn Ale A : Dènye jou li te ale la : / /

Adrès Ansyen Lekòl la :

Nimewo Telefòn Lekòl la Nimewo Faks Lekòl la :

Adrès imèl oswa sitwèb ansyen Lekòl la :

Adrès Elèv la lè li te konn ale nan lekòl la :

Lekòl Elemantè Kote Elèv la te ale a : Klas : Seleksyone

Lekòl Mwayen/Lekòl Pre-Segondè Kote Elèv la te ale a : Klas : Seleksyone

Dat Elèv la te antre nan klas 9yèm ane pou premye fwa : (mwa ak ane a)

Èske pitit ou ap resevwa Sèvis Edikasyon Espesyal? Seleksyone

**Si wi, tanpri bay yon kopi IEP (Plan Edikasyon Endividyèl) aktyèl la.**

Èske Angle se dezyèm lang pitit ou? Seleksyone

Èske pitit ou nan Pwogram Lang Angle kòm Dezyèm Lang (English as a Second Language Program, ESL)? Seleksyone

Si wi, ki premye lang pitit ou pale? ________________________________________________________________

Èske pitit ou janm ale nan ankenn nan lekòl Valley Stream School yo? Seleksyone

Si wi, ki lekòl nan Valley Stream:

Dat li te ale:

Èske elèv la sou lis ekzanpsyon fiskal sou deklarasyon taks leta oswa federal yon moun? **Ansèkle youn**: Seleksyone

Èske timoun nan kouvri anba yon asirans medikal, dantè, otomobil, maladi, aksidan, sante oswa nenpòt lòt asirans?
**Ansèkle youn**: Seleksyone

Si se wi, bay non moun nan (yo) ki mete elèv la sou asirans li (yo).

**NON ____________________________________________________________________________ DAT NESANS / /**

**ADRÈS _______________________________________________________________________________________________**

**NON KONPAYI ASIRANS LAN _____________________________________________________________________________**

Note byen

Deklarasyon suivan an, demann siyati ak demann notarizasyon egzijib pou tout seksyon ki sou Fòmilè A a.

**Nou pap aksepte okenn aplikasyon si siyati ki obligatwa yo pa sou li.**

Deklarasyon ki nan aplikasyon sa a se laverite. Mwen byen konnen ke lekòl la ak Distri a pral verifye deklarasyon ki nan aplikasyon sa a, e si gen deklarasyon ki fo, yo ka fè mwen peye pou depans transpò ak/oswa ekolaj kote sa aplikab. Epitou mwen byen konnen se responsabilite mwen pou m avize lekòl la sizoka gen nenpòt chanjman ak/oswa sikonstans ki afekte aplikasyon sa a. Mwen byen konnen ke si mwen bay nenpòt fo deklarasyon nan dokiman sa a, yo ka pran sanksyon kont mwen antanke yon Deli Minè Klas A konfòmeman ak Lwa Penal Leta New York seksyon 210.45 epi yo ka refere ka m lan bay Biwo Avoka Distri a.

Pa laprezant, mwenmenm_____________________________, mwen sèmante (oswa afime) ke tout enfòmasyon mwen bay nan Fòmilè A a se laverite e yo kòrèk.

_________________________

SIYATI

**ASÈMANTE DEVAN MWEN NAN _______YE/YÈM JOU NAN MWA __________ 20____________________**

**NOTÈ PIBLIK ________________________________________**

Valley Stream Central High School District
Registration Office
One Kent Road
Valley Stream, New York 11580-3398
516-872-5694
www.vschsd.org

# AFIDAVIT MÈT KAY LA
# FÒMILÈ B-1
NON ELÈV LA (TANPRI EKRI LI AVÈK LÈT MAJISKIL DETACHE)

______________________________________________________________

Siyati Prenon

AVÈTISMAN

Kèlkeswa moun ki fè espre bay fo enfòmasyon konsènan kote moun nan rete, moun sa a riske sibi pèn kriminèl. Si yon moun fè fo deklarasyon konsènan kote li rete oswa pou l jwenn ekolaj edikasyon gratis nan men distri a, yo ka enpoze yon pinisyon kont moun sa a antanke yon Deli Minè Klas A.

Anplis, si yo dekouvri ke pitit yon moun ki enskri abite andeyò distri a, distri a ka pran aksyon legal pou l kolekte depans ekolaj yo. Depans ekolaj sa yo ka depase $15,000 chak ane si timoun nan pa gen dwa legalman pou l resevwa yon edikasyon gratis nan distri a. Distri a rezève dwa pou l envestige kote nenpòt elèv rete atravè nenpòt mwayen legal ki disponib, ikonpri atravè mwayen sa yo, men se pa tout nou site la a, tcheke dosye piblik, fè vizit sou plas ak lòt metòd legal pou envestige.

LETA NEW YORK ]
] ss

KONTE

_______________________________ , (Non pwopriyetè a). Yo fè li prete sèman, li bay depozisyon li epi li di:

1. Mwen byen konprann kondisyon yo pou enskripsyon an, e map mande pou yo admèt _____________________ (Non Elèv la) nan Valley Stream Central High School District antanke yon rezidan nan distri a.
2. Mwen se pwopriyetè legal pwopriyete imobilye a ki sitiye nan: _________________________________________________________________________(Adrès Pwopriyete a).
3. Aktyèlman elèv la rete nan Pwopriyete ki mansyone pi wo a.
4. Enfòmasyon mwen bay nan deklarasyon sa a ak enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon an se laverite.
5. Mwen byen konnen ke se responsabilite mwen pou m avize lekòl la si gen nenpòt chanjman ak/oswa nenpòt sikonstans konsènan deklarasyon sa a (tankou sizoka adrès mwen oswa adrès Elèv la chanje, oswa si Elèv la pa yon rezidan nan Distri a ankò).

Pa laprezant, mwenmenm _______________________, mwen sèmante (oswa mwen afime) ke tout enfòmasyon mwen bay nan Fòmilè B-1 yo se laverite epi yo kòrèk.

_____________________________
SIYATI PWOPRIYETÈ A

ASÈMANTE DEVAN MWEN NAN ____________YE/YÈM JOU NAN MWA ___________ 20____________

NOTÈ PIBLIK__________________________________________

Valley Stream Central High School District
Registration Office
One Kent Road
Valley Stream, New York 11580-3398
516-872-5694
www.vschsd.arg

# AFIDAVIT MÈT KAY LA
# FÒMILÈ B-2 (Asèmante)

NON ELÈV LA (TANPRI EKRI LI AVÈK LÈT MAJISKIL DETACHE)

______________________________________________________________
Siyati Prenon

**AVÈTISMAN**
Kèlkeswa moun ki fè espre bay fo enfòmasyon konsènan kote moun nan rete, moun sa a riske sibi pèn kriminèl. Si yon moun fè fo deklarasyon konsènan kote li rete oswa pou l jwenn ekolaj edikasyon gratis nan men distri a, yo ka enpoze yon pinisyon kont moun sa a antanke yon Deli Minè Klas A.
Anplis, si yo dekouvri ke pitit yon moun ki enskri abite andeyò distri a, distri a ka pran aksyon legal pou l kolekte depans ekolaj yo. Depans ekolaj sa yo ka depase $15,000 chak ane si timoun nan pa gen dwa legalman pou l resevwa yon edikasyon gratis nan distri a. Distri a rezève dwa pou l envestige kote nenpòt elèv rete atravè nenpòt mwayen legal ki disponib, ikonpri atravè mwayen sa yo, men se pa tout nou site la a, tcheke dosye piblik, fè vizit sou plas ak lòt metòd legal pou envestige.

LETA NEW YORK ]

] ss

KONTE

______________________________________________ . (Non pwopriyetè a) Yo fè li prete sèman, li bay depozisyon li epi li di:

1. Mwen se pwopriyetè legal pwopriyete imobile a ki sitiye nan_______________________________________________________
_________________________________________________________________________________ (Adrès Pwopriyete a).
2. Mwen lwe Kay la bay _________________________________________________________(Paran/Responsab Legal).
3. Kondisyon lokasyon an se (bay montan lwaye a, montan sèvis piblik, elatriye):________________________________________
_____________________________________________________________________________________________
4. Dapre tout sa m konnen, Kay la se kay kote paran/responsab legal ak Elèv ki gen non yo ki make anwo a rete.
5. Enfòmasyon mwen bay nan Deklarasyon sa a se laverite. Mwen byen konnen se responsabilite mwen pou m avize lekòl la sizoka gen nenpòt chanjman ak/oswa sikonstans konsènan Deklarasyon sa a.

Pa laprezant, mwenmenm _____________ , map sèmante (oswa mwen afime) ke tout enfòmasyon mwen bay nan Fòmilè B-2 yo se laverite epi yo kòrèk.

________________________________
SIYATI PWOPRIYETÈ A/MÈT KAY LA

ASÈMANTE DEVAN MWEN NAN _____________YE/YÈM JOU NAN MWA ____________ 20_____________

NOTÈ PIBLIK___________________________________________

Valley Stream Central High School District
Registration Office
One Kent Road
Valley Stream, New York 11580-3398
516-872-5694
www.vschsd.org

# DEKLARASYON MÈT KAY
# FÒMILÈ B-2 (Pa asèmante)

NON ELÈV LA (TANPRI EKRI LI AVÈK LÈT MAJISKIL DETACHE)

______________________________________________________________________

**Siyati** **Prenon**

AVÈTISMAN
Distri a rezève dwa pou l envestige kote nenpòt elèv rete atravè nenpòt mwayen legal ki disponib, ikonpri atravè mwayen sa yo, men se pa tout nou site la a, tcheke dosye piblik, fè vizit sou plas ak lòt metòd legal pou envestige.

1. Mwen se pwopriyetè legal pwopriyete imobilye a ki sitiye nan ___________________________________________
(Adrès Pwopriyete a)

2. Mwen lwe kay la bay _____________________________________________________ (Paran/Responsab Legal).

3. Kondisyon lokasyon an se (bay montan lwaye a, montan sèvis piblik, elatriye):

_______________________________________________________________________________________________

4. Dapre tout sa m konnen, Kay la se kay kote paran/responsab legal ak Elèv ki gen non yo ki make anwo a rete.

5. Mwen byen konnen ke yo pral soumèt ak ak anrejistre dokiman sa nan Valley Stream Central High School District epi Distri a sou bò pa li pral itilize enfòmasyon ki nan dokiman sa a kòm reyalite ak verite.

6. Enfòmasyon mwen bay nan Deklarasyon sa a se laverite. Mwen byen konnen se responsabilite mwen pou m avize lekòl la sizoka gen nenpòt chanjman ak/oswa sikonstans konsènan Deklarasyon sa a.

________________________________
SIYATI PWOPRIYETÈ A / MÈT KAY LA

________________
DAT

Valley Stream Central High School District
Registration Office
One Kent Road
Valley Stream. New York 11580-3398
516-872-5694
www.vschsd.org

# AFIDAVIT POU MOUN KI PA PWOPRIYETÈ/LOKATÈ
# FÒMILÈ C
# NON ELÈV LA (TANPRI EKRI LI AVÈK LÈT MAJISKIL DETACHE)

______________________________________________________________

**Siyati** **Prenon**

> AVÈTISMAN
> Kèlkeswa moun ki fè espre bay fo enfòmasyon konsènan kote moun nan rete, moun sa a riske sibi pèn kriminèl. Si yon moun fè fo deklarasyon konsènan kote li rete oswa pou l jwenn ekolaj edikasyon gratis nan men distri a, yo ka enpoze yon pinisyon kont moun sa a antanke yon Deli Minè Klas A.
> Anplis, si yo dekouvri ke pitit yon moun ki enskri abite andeyò distri a, distri a ka pran aksyon legal pou l kolekte depans ekolaj yo. Depans ekolaj sa yo ka depase $15,000 chak ane si timoun nan pa gen dwa legalman pou l resevwa yon edikasyon gratis nan distri a. Distri a rezève dwa pou l envestige kote nenpòt elèv rete atravè nenpòt mwayen legal ki disponib, ikonpri atravè mwayen sa yo, men se pa tout nou site la a, tcheke dosye piblik, fè vizit sou plas ak lòt metòd legal pou envestige.

LETA NEW YORK ]

] ss

KONTE

_________________________(Non moun ki pa pwopriyetè a/lokatè a) Yo fè li prete sèman, li bay depozisyon li epi li di:

1. Mwen byen konprann kondisyon yo pou enskripsyon an. Mwen mande pou yo admèt pitit mwen______________________________ ____________________________________________________________ (non timoun nan) nan Central Valley High School District antanke yon rezidan Distri a. Metsouli mwen byen konnen ke si yo remake ke pitit mwen/timoun ki sou kont mwen an pa yon rezidan lejitim nan Valley Stream Central High School District, se mwenmenm kap responsab legalman pou depans yo e Distri lekòl la pral voye yon bil pou m peye montan ekolaj anyèl la retwoaktif depi premye jou admisyon li nan lekòl la. Yo fè m konnen ke distri lekòl la pral fè vizit san anonse nan kay la pou yo ka verifye si se la elèv la rete vre.

2. Mwenmenm ______________ , mwen se (paran, responsab legal, paran ki gen gad rezidansyèl la) timoun/timoun ki sou kont mwen ki gen non li make anwo a. Mwen rete nan (bay adrès la epi bay detay sou kote w rete a: apatman nan bezment (sousòl), apatman nan dezyèm etaj, kantite chanm, elatriye). ______________________________________

Sa a se kote mwen rete a e se sèl adrès pèmanan mwen. Pitit mwen an/timoun ki sou kont mwen an rete avèk mwen nan adrès mwen bay la e adrès mwen bay la se sèl adrès pèmanan li genyen aktyèlman.

Dènye adrès mwen se te ______________________________________________________________________________

Dènye nimewo telefòn mwen se te _______

Mwen te antre nan kay kote mwen rete kounyeya ki nan adrès sa a _____________________________________________
nan dat __________________________(Dat).

Fòmalite ki etabli kote m rete a se (tcheke youn):

- ❑ Yon kontra afèmaj ofisyèl (anekse kopi kontra afèmaj la ak afidavit pwopriyetè a, Fòmilè B)
- ❑ Antant Oral
- ❑ Lòt Fòmalite (anekse kontra lokasyon an)

Kondisyon jeneral lokasyon m lan se (bay montan lwaye a, elatriye)

_________________________

SIYATI LOKATÈ A/MOUN KI PA PWOPRIYETÈ A

ASÈMANTE DEVAN MWEN NAN _____________YE/YÈM JOU NAN MWA ____________ 20_____________

NOTÈ PIBLIK___________________________________________

| |
|---|
| Mwen byen konnen ke si mwen bay nenpòt fo deklarasyon nan dokiman sa a, yap pran sanksyon kont mwen antanke yon Deli Minè Klas A konfòmeman ak Lwa Penal Leta New York seksyon 210.45 epi yo ka refere ka m lan bay Biwo Avoka Distri a. |

# Valley Stream Central High School District

## Registration Office

**One Kent Road**
**Valley Stream, New York 11580-3398**
**516.872.5694**
**www.vschsd.org**

Pou Paran/Responsab Legal la:

Valley Stream Central High School District (VSCHSD) adopte yon règleman ki egzije pou li rasanble ak enskri idantite etnik elèv ki nan VSCHSD yo konfòmeman ak kategori e definisyon Federal yo.

Nou pral itilize enfòmasyon an pou:

- Rapòte enfòmasyon bay Depatman Edikasyon Leta ak Federal yo.
- Pou planifye pwogram edikatif yo e pou asire ke yo toujou disponib pou tout elèv yo.
- Pou yo etidye mouvman elèv ki nan diferan gwoup etnik etan yap pase de yon lekòl a yon lòt.
- Pou analize diferans ki genyen nan pèfòmans akademik, nan prezans yo ak nan finisman sik lekòl la.

Nou bezwen èd ou pou nou fè sa. VSCHSD byen konnen nati sansib enfòmasyon sa a epi li ta renmen asire ou ke lap kenbe enfòmasyon an an tout sekirite e konfidansyèl konfòmeman ak tout Lwa Konfidansyalite Elèv onivo Leta ak Federal. Si ou pa bay enfòmasyon an sou fòmilè sa a, ap gen yon reprezantan ki jere dosye elèv yo nan lekòl la oswa nan Distri a kap oblije idantifye nan ki gwoup elèv la sanble ke li ye, ak ki gwoup li idantifye, oswa lap gade pou wè nan ki kominote elèv la soti.

Mèsi pou koperasyon ou.

# Valley Stream Central High School District

Biwo Enskripsyon

Non Elèv la :________________________________
Siyati, Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon

Dat Nesans : / / Klas : Sèks : Seleksyone

ENSTRIKSYON POU PARAN/RESPONSAB LEGAL

*TANPRI, REPONN KESYON (1) AK (2).*

*TANPRI LI TOUT KESYON YO ANVAN W REPONN*

Pou kesyon en (1), mete yon tchèk nan kaz ki pi byen dekri pitit ou a.

1. Èske elèv la gen orijin Ispanik oswa Latino? Orijin Ispanik, Latino vle di yon moun ki gen orijin oswa kilti kiben, meksiken, pòtoriken, amerik santral oswa amerik disid, oswa lòt kilti oswa orijin Panyòl, kèlkeswa ras moun nan.

WI, Ispanik

NON, Pa Ispanik

Seleksyone youn oswa plizyè pami gwoup rasyal suivan yo. Tcheke tout gwoup ki koresponn ak pitit ou; tcheke omwen yon kaz:

AMERENDYEN OSWA NATIFNATAL ALASKA: Se yon moun ki gen orijin nan nenpòt nan pèp orijinal Amerik Dinò e ki mentni idantifikasyon kiltirèl atravè afilyasyon tribal oswa rekonesans kominotè, paregzanp Cherokee, Mohawk, Inuit.

AZYATIK: Yon moun ki gen orijin nan youn nan pèp orijinal Ekstrèm Oryan, Sidès Azi oswa Soukontinan Endou ikonpri paregzanp Kanbòdj, Lachin, End, Japon, Kore, Malezi, Pakistan, Zile Filipin yo, Tayiland ak Vyetnam.

NATIFNATAL: AWAYI OSWA LÒT MOUN ZILE PASIFIK: Yon moun ki gen orijin nan nenpòt pèp orijinal Awayi, Gwam, Samoa oswa lòt Zile Pasifik.

NWA: Yon moun ki gen orijin nan nenpòt gwoup rasyal nwa Afrik.

BLAN: Yon moun ki gen orijin li nan nenpòt pèp orijinal Ewòp, Afrik Dinò oswa Mwayen Oryan.

Siyati Paran/Responsab Legal la/Lòt

Relasyon li ak Elèv la ❑ Manman ❑ Papa ❑Responsab Legal ❑ Lòt (Presize)_______

Valley Stream Central High School District
Registration Office
One Kent Road
Valley Stream, New York 11580
www.vschsd.org

Avi pou Paran/Responsab Legal yo

Distri a bay sèvis edikasyon espesyal ak pwogram pou elèv ki gen andikap konfòmeman ak lwa federal ak lwa leta ki aplikab yo. Nenpòt paran oswa nenpòt moun ki nan yon relasyon parantal ki sispèk ke pitit li gen yon andikap, moun sa a ka refere pitit la pou yon evalyasyon pou edikasyon espesyal ak pwogram. Gen plis enfòmasyon sou pwosesis sa a ki disponib nan *Yon Gid Pou Paran Sou Edikasyon Espesyal (A Parent's Guide to Special Education)* ke yo pibliye sou Sitwèb Depatman Edikasyon Leta New York nan lang Angle ak Panyòl.

Manyèl nan lang Angle: : http://www.p12.nysed.gov/specialed/publications/policy/parentsguide.pdf

Manyèl nan lang Panyòl:
http://www.p12.nysed.gov/specialed/publications/policy/SpanishParentGuide.pdf

Paran oswa moun ki nan relasyon parantal la fèt pou l kontakte Direktè Edikasyon Espesyal Distri a, Dr. William Bushman nan 516-872-5640.

## **Sèvis Edikasyon Espesyal Ki te Fèt Anvan**

Non Elèv la ____________________________________________

Adrès aktyèl ____________________________________________

Non dènye lekòl kote li te ale a ________________________________

Adrès ________________________________________________

Non Pwofesè oswa Konseye Pedagojik la _________________

Dat Nesans ______________________________________

Telefòn ______________________________________________

Distri _____________________________________________

Nimewo telefòn ___________________________________________

Dènye klas li konplete _______________________________

**Èske elèv la te resevwa nenpòt sèvis edikasyon espesyal? • Non • Wi (make li pi ba a)**

**Si w reponn "Wi" pou kesyon anwo a, tanpri konplete:**

**Tip Pwogram Edikasyon Espesyal li Te Patisipe Ladann nan:**

- Klas Edikasyon Espesyal
- Klas Edikasyon Espesyal Entegre
- Sal Resous
- Sèvis Konèks Sèlman
- Edikasyon Espesyal BOCES: Non Lekòl la _______________________________________________
- **Lòt** (Presize tip pwogram lan/non lekòl la) ____________________________________________

**Sèvis Konèks yo Bay nan Plasman ki Pi Resan an:** (tcheke tout repons ki koresponn yo)

- Òtofoni/Langaj
- **Fizyoterapi**
- Konsèy
- Sèvis Odisyon
- Terapi fonksyonèl
- Sèvis Vizyon

**<u>Klasifikasyon:</u>** (si w konnen)

- Mwen pa konnen
- Twoub Emosyonèl
- Soud
- Twoub Vizyèl
- Andikap Aprantisaj
- Lòt Pwoblèm Sante
- Andikap Onivo Òtopedik
- Twomatis nan Sèvo
- Retade Mantal
- Andikap Miltip
- Mal pou Tande

- Twoup nan Lapawòl
- Autis
- Soud/Avèg

Èske w gen yon kopi dènye IEP yo te fè pou pitit ou a? • Non • Wi (tanpri anekse l)

Non Prezidan CSE/Direktè Edikasyon Espesyal la ________________________________________
Adrès Biwo CSE a _____________________________________ Nimewo Telefòn _____________________

**<u>Otorizasyon pou Divilge Dosye/enfòmasyon bay Valley Stream Central HS District</u>**

**Mwen bay lekòl la ak CSE ki make anwo a otorizasyon pou l divilge evalyasyon akademik, sikolojik, sikyatrik, medikal ak tout lòt evalyasyon, IEP ak dosye yo bay Valley Stream Schools. Mwen byen konnen ke tout dosye yo pral rete konfidansyèl e se sèlman pèsonèl lekòl la ki travay ak pitit mwen an kap kapab aksede yo. Mwen byen konnen ke mwen kapab revize tout dosye yo. E mwen dakò tou pou pèsonèl distri lekòl la ki travay ak pitit mwen an (direktè, sikològ, travayè sosyal, pwofesè edikasyon espesyal oswa pwofesè regilye, founisè sèvis konèks, konseye akademik ak/oswa Prezidan CSE a) pale ak moun ki nan lekòl la ak biwo CSE ki make anwo a. Mwen byen konnen ke otorizayon mwen bay la volontè epi mwen ka anile li nenpòt kilè.**

_______________________________________________________ ______________________

Siyati Paran/Moun ki nan Relasyon Parantal Dat

**Tanpri, voye kopi tout evalyasyon ak dosye yo bay:**

**Committee on Special Education**
**VSCHSD**
**One Kent Road**
**Valley Stream, NY 11580**
**516-872-5640 FAX 516-872-5698**